# Kesyon sou kay timoun lan rete *Residency Questionnaire*

**Paran/Gadyen legal/Elèv :**

**Fòmilè sa a fèt pou pèmèt konsidere Lwa McKinney-Vento, 42 U.S.C. 11435. Yo dwe ranpli l pou chak elèv. Enfòmasyon ou bay la ap rete konfidansyèl. Yo p ap fè diskriminasyon kont pitit ou a poutèt enfòmasyon ou bay la.**

**Tanpri reponn kesyon pi ba yo sou kay elèv la rete pou yo kapab wè ki èd elèv la kapab kalifye pou resevwa.**

**Avi pou lekòl yo/lyezon lojman tanporè yo *Temporary Housing* Liaisons : Tanpri ede elèv yo ak fanmi yo ranpli** fòmilè sa a. Pa jis mete fòmilè a nan pakè enskripsyon an, paske si elèv la kalifye kòm moun ki rete nan lojman tanporè**, li pa oblije soumèt prèv kay li abite** ak kèk lòt dokiman yo ka mande nan pake enskripsyon an.

| Non elèv la | | | |
|---|---|---|---|
| Siyati | Non | | Dezyèm non |
| | | | |
| **OSIS #** | **Dat Nesans** Mwa/jou/Ane | **Fi ou Gason** | **Lekòl** |
| | | | |

**Tanpri ekri nan ki kondisyon timoun lan ap viv kounye a. Tanpri tcheke yon ti kare :**

| Tcheke (√) | *Chwa kesyon sou kote elèv la abite* | School Use Only<br>**ATS Code** |
|---|---|---|
| | **Li abite nan kay moun *Doubled-Up***<br>Li abite avèk yon lòt fanmi oubyen yon lòt moun paske li pèdi kay li, oubyen poutèt li gen gwo pwoblèm lajan | **D** |
| | ***Shelter***<br>Refij *shelter* pou ijans oubyen pou yon bout tan | **S** |
| | **Ap tann plas nan kay yon fanmi k ap akeyi l *Foster Care*** | **A** |
| | **Otèl/Motèl**<br>K ap viv yon kote ki PA yon refij *shelter* pou ijans oubyen refij pou yon bout tan, **epi** li gen pou peye | **H** |
| | **Lòt sitiyasyon rezidans tanporè**<br>Nan yon pak pou *trailer*, yon tèren pou kan, yon machin, yon pak, yon plas piblik, nan yon bilding abandone, nan lari, oubyen nan nenpòt lòt kote ki pa bon pou yon moun rete | **T** |
| | **Yon kote pèmanan**<br>Elèv ki abite yon kote fiks, regilye ak konvenab | **P** |

**Si elèv la PA abite yon kote pèmanan, endike tou si sitiyasyon pi ba yo aplikab pou li :**

| | School Use Only |
|---|---|
| **Jèn ki pa sou sipèvizyon adilt**<br>Jèn ki pa sou sipèvizyon yon paran oswa yon gadyen legal | Unac Youth<br>*Enter « Y » if applicable* |

________________________ Non Paran/Gadyen legal (ak lèt detache)

________________________ Siyati Paran/Gadyen legal

____________ Dat

**Tanpri voye fomilè sa a tounen ba lekòl pitit ou a jan yo mande l.**

**Remak :** Repons ou bay anlè a ap ede wè ki èd oumenm avèk pitit ou kapab kalifye pou resevwa dapre Lwa *McKinney-Vento Act* la. Elèv ki gen pou resevwa pwoteksyon dapre Lwa sa a, kalifye pou yo pran yo touswit nan lekòl la menmsi yo pa gen dokiman ke yo nòmalman bezwen tankou prèv adrès, dosye lekòl, kanè vaksinasyon oubyen batistè. Apre yo fin aksepte elèv la nan lekòl la, nouvo lekòl la dwe kontakte dènye lekòl elèv la te ye a pou mande l dosye edikasyon elèv la, paegzanp kanè vaksinasyon, epi Lyezon pou elèv k ap viv nan kay tanporè yo *Students Temporary Housing (STH)* dwe ede elèv la jwenn tout dokiman ki nesesè oswa pou l pran vaksen. Elèv ki pwoteje dapre Lwa *McKinney-Vento Act* la kapab kalifye tou pou resevwa transpò gratis, ak lòt sèvis. Tanpri al gade règleman Chanselye a *Chancellor's Regulation* (CR) A-780.

**Fòmilè sa a gen avè l yon lòt paj ki gen tit " Lwa McKinney-Vento pou ede elèv kip a gen kay pou abite-Gid pou paran ak Jèn sou elèv k ap viv nan lojman pou yon ti bout tan "**

Yo revize dokiman sa a 1ye jiyè 2009

T&I11592 (Haitian Creole)